

KALAWARTI SASTRA JAWA

JULI-DESEMBER 2021

# *pagagan*

Nomer 98

Sastran  
Patronase Jaman

Jarit Luwas Ing Sampiran

Gegandhengan  
Tangan

Welingé Wong Tuwa

Tepa Selira

Umi Kuntari  
Langganan Juwara

Truntum Batik Kang  
Manjiwa Siti Aminah



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta 55224  
Telepon: (0274) 562070, Faksimile: (0274) 580667

ISSN 0854-1035

# *Jarit Luwas Ing Sampiran*

**A**na jejaka loro, padha anake priyayi. Siji aran si Amad, sijine aran si Mahmud. Si Amad wateke meneng, ngati-ati, nastiti lan wekel. Dene si Mahmud wateke dhemen nyar, sarta kumingsun. Wiwit cilik jejaka mau padha bebarengan dilebokake ing pamulangan Jawa. Bareng wis rada bisa, jejaka loro mau banjur dilebokake ing pamulangan Walanda, antara limang taun, banjur padha metu awit wis diwasa lan kapinterane wis cukup ing atase wong Jawa.

Sawetune saka pamulangan mau, si Amad banjur nelateni magang ana ing kabupaten. Sadina-dina sebane tanpa kendhat sarta apa pegaweyan ing kono nyandhak kabeh. Dene si Mahmud banjur magang ana ing kantor karesidhenan, ananging ora wekel kaya si Amad. Bareng antara rong taun si Amad kaangkat dadi carik Bupati, uga ana ing kono, dene si Mahmud isih magang.

Dhek semana wong ing kantor kono padha takon marang si

Mahmud, tembunge,"Kepriye Mahmud, dene si Amad saiki dadi carik bupati, mangka kowe durung dari apa-apa."

Saure Mahmud,"E, kareben, ta. Aku ora gumun dene aku saupama kadadekake carik bae lumuh nglakoni, awit ora timbang karo kapinteranku. Dene si Amad gelem nglakoni dadi carik iku bocah bodho. Mungguh pamikirku, apa gawene sing ana ing pamulangan Walanda pirang-pirang taun iku, wetune bareng magang mung dadi carik bae."Mungguh clathune si Mahmud mangkono iku wong ing kantor ing batin padha anggeguyu.

Let sawetara taun si Amad kaangkat dadi kepala mantri, dene sabanjure bisa dadi wedana. Mungguh si Mahmud mau sabanjure ora cekel gawe awit magang ana ing ngendi-endi kurang tumemene.

Nuju sawijine dina, bareng si Mahmud lan si Amad kira umur nyeket taun, si Mahmud teka ing omahe si Amad. Ing wektu iku

si Amad dadi wedana, ananging ora basan-binasan. Sasuwene omong, si Mahmud takon semu moyoki tembunge,"Ahmad, kowe iku kok rada kuru apa susah mung nglakokake panggaweyan wedana bae?"

Amad genti takon,"La kowe iku sabab apa kok luwih kuru tinimbang aku?"

Si Mahmud nyauri,"Mulane aku luwih kuru tinimbang kowe awit saka susahku."

Si Amad sumambung,"Em, bener, Mahmud. Manungsa iku sugihia, mlarata cekela gawe, ngangguram iya kudu susah ing pamikir merga kaya ngono kuwi anane ing donya. Aku iku mungguha jarit luwas kanggo, dene kowe iku munguha jarit luwas ing sampiran."

***Kapethik saking Layang Bebasan lan Saloka***

***Anggitanipun Mas Merta Senjaya  
1979***

# *pagagan*

KALAWARTI SASTRA JAWA

NO. 98 JULI - DESEMBER 2021

**SUSUNAN REDAKSI****Pelindung/Penanggung Jawab**

Kepala Balai Bahasa  
Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

**Pemimpin Umum**

Ketua Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta

**Pemimpin Redaksi**

Ardini Pangastuti

**Sekretaris**

Swasti Ratri Eni Lestari

**Dewan Redaksi**

Yohanes Adhi Satiyoko  
Ratun Untoro  
Swasti Ratri Eni Lestari  
Margaretha Widhi Pratiwi  
Hayu Avang  
Sinarindra Krisnawan  
Muh. Bagus Febriyanto

**Sirkulasi**

Hayu Avang

**Alamat Redaksi**

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34 Yogyakarta 55224  
Telepon: (0274)562070, Faksimile: (0274)580667  
Posel: pagaganssjy@gmail.com  
SMS/WA redaksi: 085228660344  
SMS/WA sirkulasi: 085643322473

Pagagan nampa tulisan lan gambar saka para maos  
dikantheni cathetan biodhata singkat. Redhaksi  
duwe wenang mbesut tulisan kang bakal kacetak  
tanpa ngowahi isi. Tulisan bisa kakirim liwat posel:

**pagaganssjy@gmail.com**

nganggo format RTF dudu doc. Foto utawa gambar  
nganggo format TIF/JPEG 200 dpi.

UNEN-UNEN .....	i
Jarit Luwas Ing Sampiran	
SUSUNAN REDAKSI .....	1
DAFTAR ISI.....	1
PANGLIMBANG.....	2
Sastra lan Patronase Jaman	
PANJURUNG.....	4
Gegandhengan Tangan	
CANGKRIMAN .....	5
GEGURITAN.....	6
• Swara Wengi	
• November lan Udan	
• Mangsa Sengara	
• Welingé Wong Tuwa	
• Gurit Kanggo Para Dwija	
• Tatú Manis	
• Layang Kanggo Izroil	
• Driji	
• Sapu Ilang Suhe	
• Wah Wis	
CRIKAK.....	11
• PAMIT	
• Ngundhuh Pakarti	
PARIBASAN .....	16
CRIKAK.....	18
• Klamit, Mbak..Mas...	
• Goreh	
• Sowan	
KRITIK .....	23
Klamit... Pamit Sowan Ngundhuh Pakarti	
ESAI.....	25
Tepa Selira	
PARAGA .....	26
Umi Kuntari Langganan Juwara	
SULUH .....	28
Ngeyeng-Eyeng	
BUKU JAWA.....	29
Truntum Batik Kang Manjiwa Siti Aminah	
PAMERAN BUKU.....	33



# *Sastra lan Patronase Jaman*

YOHANES ADHI SATIYOKO

**S**astra nglakoni sujarah kang dawa nalika mawujud dadi lisan utawa tulis.

Lir taneman, sastra ngrembaka menawa ana kang ngopeni lan ngrabuk. Sastra bisa ngrembaka menawa ana kang dadi pengayom (patron). Jaman biyen wewenange kraton, minangka pengayom uripe sastra Jawa, gedhe. Mula ora bisa diselaki sastra bisa mawujud ing Kakawin Bharatayudha, Ghatotkacasraya cipta saka kraton Kadiri, Nagarakertagama, Siwaratrikalpa cipta saka kraton Majapahit. Raja biasane ngangkat pujangga kango nyipta karya sastra. Mpu Sedah lan Mpu Panuluh diangkat dening Prabu Jayabaya ing Kadiri. Mpu Tanakung lan Mpu Tantular dadi pujangga ing kraton Majapahit. Semono uga ing Surakarta ana Yasadipura I, Yasadipura II, lan Ranggawarsita minangka pujangga kang nyipta karya sastra. Yasadipura I yasa Serat Bratayuda, Serat Tajusalatin, Yasadipura II yasa Serat Wicara Keras. Ranggawarsita nulis Serat Kalatidha, Serat Pustakaraja Purwa lan liya-liyane.

melu owah gingsire jaman,  
saiki sastra kraton wis ora kaya

biyen meneh. Kraton wis ora dadi patron tunggal tumrap ngrembakan sastra. Jaman saya modheren, kapitalisme manjila dadi sistem ekonomi kang gelem ora gelem kudu dinut dening samubaranging urip, kalebu sastra. Sastra saiki bisa urip lan ngrembaka amarga diayomi dening kapitalisme-industrialis. Iki ateges maneka werna babagan sabisa-bisa ngasilake dhuwit (kapital). Mula, menawa sastra kepingin ngrembaka lan manjila sabisa-bisa melu owah gingsire industri kanthi trep, kalebu bisa ambyur ing donyaneng kapitalis.

Ngrembakan ekonomi saya diudi dening masyarakat sadonya. Ewa semono sastra kudu tetep urip minangka kaca benggalane masyarakat. Mula, sastra ora bisa cipta mung kanggo donyane sastra dhewe, nanging kudu metu seké “omahe” lan ngrembaka minangka sawijine bageyaning urip kang bisa migunani lan nguripi, kayata ing industri kreatif. Mula ora bisa dinyang maneh menawa sastra diudi bisa mawujud myelaras karo industri kreatif (industri kreatif adhedhasar sastra), kayata ing kriya (patung,



wayang kreasi), kuliner (cecawis maneka menu khas kraton ing restoran), audio (wacan sastra, sandiwara basa dhaerah), video/film (YouTube konten sastra), fesyen (maneka kreasi ageman gagrak Ngayogyakarta, jarik motif adhedhasar filosofi utawa karya sastra), modhernisasi aksara Jawa ing maneka medhia kreatif, publikasi-penerbitan, iklan, lan sapanunggalane. Konten-konten sastra kepara bisa diprisani lan dimirengake lumantar maneka wujud industri kreatif kang nduweni nilai ekonomi nanging tetep ngugemi babagan kreatif lan estetis. Ing platform digital, karya sastra kepara bisa "nembus

wates" ngluwihi apa kang durung nate kelakon ing wektu-wektu kepungkur.

Konten sastra bisa maneka werna, uga ora winates ing jaman lan taun, jinis ekspresi sastra, lan liya-liyane. Semono uga para pamiarsane uga luwih ora winates, kepara wong saindhenging jagad bisa mrisani, mirengake, tuku, lan migunakake asil karya industri kreatif adhedhasar sastra lan budaya lokal. Babagan iki nuduhake menawa sastra bisa melu owah gingsire jaman. Mula ing jaman iki para kadang sastra budaya kudu tansah sinau lan niteni kepriye "panjaluke" masyarakat modheren

marang prodhuk sastra. Jer sastra dadi kaca benggalane masyarakat, mula sastra lan sastrawane kudu tansah dadi paraga kang tansah ngupaya sastra dadi sawijine industri kreatif kang milut sasopoa. Minangka asil kreasi kang adhedhasar talenta, kreativitas, lan budaya sastra bisa terus urip selaras karo patronase jamane.

Salam kreatif Sastra Budaya.

***Yohanes Adhi Satiyoko***

***Ketua Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY)***



# Gegandhengan Tangan

**B**udaya Jawa kalebu sastra ing njerone, ora bisa pinisah karo masarakat panyengkuyunge. Sastra Jawa bisa tuwuhan subur lan ngrembaka manawa masarakat kang dadi payengkuyunge duwe kesadharan anduweni. Satemah gelem nguri-nguri lan ngrembakakake sastra lan budaya Jawa warisan para leluhur tanah Jawa, kang mujudake jati dhiri manungsa Jawa.

Sairing lumakune wektu, sing nggawa owah-owahan tumrap panguripan, budaya lan sastra Jawa uga ora luput saka anane owah-owahan kasebut.

Mlebune budaya manca kalebu sastrane ing jaman global iki, ora uwal saka sisi negatip lan positip. Sisi positipe, bakal aweh inspirasi marang para penulis mudha lan tanggap marang anane owah-owahan. Bisa nyalarasake dhiri marang arus budaya global tanpa ninggalake rasa Jawane, jroning pangerten, sastra Jawa kudu bisa nyikapi jaman lan karya sastra minangka swara atine.

Ora bisa diselaki, ing antarane para penulis Jawa isih akeh sing gagap marang anane owah-owahan lan nduweni kecondhongan nyawang mburi sing rinasa nyaman. Kita pancep ora bisa uwal saka mangsa kawuri, nanging perkembangan jaman kadhang-kadhang ana ing sanjabane petungan, sauntara karya sastra tetep melu nut ilining jaman.

Amarga saka kuwi, anane sanggar-sanggar sastra Jawa, paguyuban-paguyuban sastra Jawa tetep dibutuhake. Tetep kudu dijaga uripe. Jalaran, kejaba nduweni visi misi sing padha kango mekar lan tumangkarane sastra Jawa, ing kene sanggar-sanggar lan paguyuban mau bisa gegandhengan tangan, ngrajut patembayan, padha dene andum pengalaman, kanthi mangkono upaya-upaya kanggo ngrembakakake sastra Jawa dadi luwih gampang amarga ditandangi utawa maju bebarengan. Patembayan sing karajut kasebut uga minangka tanggung jawab

para sastrawan Jawa kanggo nguri-uri lan ngrembakake sastra Jawa ing satengahe arus global sing nggawa owah-owahan kanthi cepet banget.

Satemene ing era digital iki, kita, para sastrawan Jawa uga digampangake anggone bakal ngrembakakake sastra Jawa. Liwat perangkat teknologi kita bisa ngumandhangake, nyebarake sastra Jawa minangka wacana global kanthi sakabehe plus lan minuse. Sapa ngerti, ing mengkone sastra Jawa bisa dadi punjering kawigaten donya, manawa kita bener-bener mbudidaya lan bisa nyikapi jaman. Kanthi gegandhengan tangan, muga-muga kabeh panjangka bisa katekan.

**(Ardini Pangastuti).**

# Cangkriman

## ASTI PRADNYA RATRI

### 1. Plesedan (sambung sinambung):

- Ana roti dipangan semut. Sikile semut ana pira?
- Ing alas, podhang sida dibedhil grēma, geneya si semut ora teka nulungi podhang?
- Kira-kira sapa sing bisa nulungi podhang, saka grēma?

### 2. Irib-iriban:

Bal kecemplung blumbang ketemu garu (bakso)

### 3. Wancahan:

Nandhang susah, luwung gawe gurit (ndhangsah wungwerit)

## TRI WAHYUNI

### *Swara Wengi*

Angin kang teka aweh kabar  
 yen wayah wengi bakal ana swara  
 kang bisa gawe manungsa tangi  
 saka impen kang ninggal lara  
 amarga kasunyatan beda karo pangarep-arep

Yen wayah wengi tansah lumaku  
 Rembulan lan lintang bakal ngancani  
 lan ngelingake marang lelagon suci  
 minangka urip kairing swara ati  
 kang nuntun marang kabecikan  
 Apa kowe isih padha krungu?

Kulon Progo, 2021

### *November ian Udan*

Ing gisiking wengi  
 Amung udan kang ngancani  
 Menehi rasa ayem tanpa winates

Ati iki wara-wiri  
 Kelingan tresna kang ngrembuyung  
 Sajroning dhadha amung sliramu

Dhuh, Arjuna  
 Apa kowe ngerti?  
 Yen aku ngrantu sliramu

Kulonprogo, 2021



**Tri Wahyuni.** Penulis kang lair ana ing Kulon Progo, 16 Juni 2001. Mahasiswi Sastra Inggris ing Universitas Negeri Yogyakarta. Penulis Sastra Indonesia, Penggiat Sastra Jawa lan Peneliti Sastra Inggris.

Whatsapp : 0895355849200

Email : triwahyuni01606@gmail.com

TITIS BN

## Mangsa Sengara

Nyenyet....

Donya iki kebak wisa,

Kana kéné padha mbisu, tan kena obah polah,

Banjur kepiyé ...??

Kamangka yèn ora obah ora mamah,

Mangkono iku cemuwité para kawula ing donya,

Pancéné iki lagi nandhang kacingkrangan,

Ribet, ruwet rowah-rawèh,

Anané pageblug kang nggegirisi,

Yongalah... tekan kapan puputing kahanan iki,  
Laku jantraning manungsa mobrah-mabréh ora karuan,

Wong cilik ongklak-angklik dadi paceklik, wong gedhé  
tansah ngupaya tentremé,

Kabèh kontrang-kantringan,

Dhuh Gusti.... Sasmita apa iki...!!

Pacobaning urip kang kudu dilakoni,

Sabar, sarèh, sumèlèh supaya ora kuwelèh,

Anggep waé iki jeglongan ing satengahing laku,

Kang diarani laku, mesthi ana sandhungané,

Mbuuh kuwi mung amarga watu krikil, blethok  
kekembengan utawa jeglongan jero,

Nanging iki kabèh kudu diliwati,

Diumpamakaké dluwang séta cinorèk sawernaning crita,

Aja padha manglah,

Ayo gumrégah, pamrihé énggal uwal saka bendu bali  
sumringah.

## Welingé Wong Tuwa

Ana kidung mbrengengeng tengah wengi.

Asung pémut marang lelabuhané wong tuwa,

Ndhuk cah ayu....

Galo kaé sawangen, soroting kencana ing suwaliké  
grumbul kana kaé,

Gumelaring dluwang séta iki , corèken nganggo laku  
crita kang utama,

Pangajabé rama lan ibumu,

Dadiya titah kang wasis, lantip ing panggrahita, tanggap  
cipta sasmita,

Aja a adigang, adigung, adiguna,

Gegemen piwulang luhur iki kanthi nengenaké  
tumindak becik marang sesamané,

Amarga tumindak becik iku bakal ngalahaké  
sakabèhing laku,

Ora mung bisa éla-èlu lan tiru-tiru,

Tundhoné bakal kesasar, nalisir saka paugeran,

Ndhuk cah ayu, èlinga ya nggèr....

Papan dunungmu ing tanah Jawa, welingé wong  
tuwamu aja ninggalaké adat waton.

Ing kéné iki panggonané tata karma kang ngemu surasa  
tatanan utama,

Lan uga lakuning adat tradhisi kang ngemu sasmita  
panyuwunan luhur,

Ora kéri olah kridhaning seni kang manéka warna,

Beksan, gendhing, tembangan manguju-uyu,

Éling-élingen, tindakna amrih kuncara,

Sembada kang jinangka,

Basuki tumekèng wuri,

Rahayu, rahayu, rahayua....

# *Gurit Kanggo Para Dwija*

Ari pinilih dina piniji,  
25 Nopèmber candranya,  
Tumlawung kidung pandonga ambabar telenging  
wardaya,  
Kinucap syukur asung bekti marang kusumaning bangsa  
tanpa tandha jasa,  
Pra dwija sami, tulus luhur bebudènmu,  
Mekaraké kuncup-kuncup puspa kang mengkoné bakal  
ngambar-ambar gandané wangi,  
Pangaribawamu tumprap nusa bangsa iki énjoh élok  
melok-melok,  
Kanthy sabar, sarèh lan sumèlèh supayane ora kuwelèh,  
Tliti, tlatèn lan tumemen tundhané bakal tinemu,  
Lampah satindak, ujar sakecap tinulad tinuladha sapa  
waé,  
Tanpa sliramu, blegeré nuswantara iki ora mawujud  
kokoh bakoh,  
Anané drajat, pangkat, semat kuwi merga sangu  
peparingmu,  
Mulya temen lelabuhanmu...  
Agunging pangalembana dak pisungsungaké,  
Gusti tansah paring lintu kanugrahan kang sayekti.

## ASTI PRADNYA RATRI

# *Tatu Manis*

Isih ana kang kudu korampungake  
Rerajutan keklambenaning ati  
Sing kliwat durung kobeniki

Apa iya ora korasa?  
Rumangsan sing kinupeng kapang  
Merga dalan kagubet benang bundhet

Wis kebacut maujud tatu kang manjilma esem  
Tanpa tepa-tepa sok sanja membeda  
Endah sinawang, nunjem nabet ing jaja

Ngungak memburi sedhela, 20 Mei 2021

**Titis Bayu Noto.** Penulis mudha kang lair 3 Desember 1990 iki mapan Kalurahan Tawangsari, Kapanewon Pengasih, Kulonprogo. Saiki ngasta guru Basa Jawa ing SMA Negeri 1 Sentolo.

# Layang Kanggo Izroil

Durung duwe wektu longgar ya?  
 Sawayah-wayah kudu ngayahi jejibahan,  
 Narik mulih nyawa sing lagi mampir ngombe,  
 Ora....aku ora arep ngarusiku jejibahanmu,  
 Mung pengin ngerti,  
 Kepiye pangrasamu?

Sing saben dina kudu nimbali kagunganE kanggo marak  
 sowan,  
 Pirang lakune purnama anggonmu temandang?

Aku sing lagi kepedhotan tresna kang durung sepiroa  
 wae, wis kerujit rujit,  
 Rojah rajeh, nganti linglung, kaya Mbilung suwung  
 Ora arep sambat, mung ing separone perangan atiku  
 ana sing nunjem jero banget

Wislah, bacutna jejibahanmu  
 Mung yen aku entuk weling;  
 Tulung yen ati lan jangkahmu wis sayah,  
 Matura Gusti,

Kareben pageblug iki enggal disirnani saka bumi pertiwi,  
 Tangising ati enggal diusadani

Pengetan 3 dinane Mas Eko Purwanto marak sowan  
 Gusti, 09082021

# Driji

Uthak athik uthak athik  
 Dadi bathik

Ithak ithuk ithak ithuk  
 Nruthuk

Athak athuk athak athik  
 Padha dene mathuk  
 Manthuk manthuk  
 Sarujuk

Yen ora gathuk  
 Dipethuk menganggo esem manising gethuk  
 Amrih dadi thekluk-thekluk  
 Banjur gathuk tanpa gothak

Thik..thik..thik..drijimu nrithik  
 Panen darbe liyan sing nora sithik  
 Suthik wurung nadyan obormu kari satemlik

Mekroking pangangen, 1 September 2021

**Asti Pradnya Ratri**, Penulis sastra Jawa kang prodhuktif iki lair ing Magelang, 13 September 1986. Seneng nari, crita, lan nyanyi. Buku terbitane, kayata Antologi Cerkak "Puspa Laksita", antologi Gurit Serendipiti Astabratara, Buku Dongeng Kewan Aksara Jawa "Wedhus Prucul". Penulis manggon ing Tirtoadi, Mlati.

## YUANA A. DIRGANTARA

### *Sapu Ilang Suhe*

Nalika pang-pang keprapal ilang  
 wit gedhe tan bisa kanggo sesendheyen  
 awak sing dadi cagak cinuwak  
 wus katerak marang ampak-ampak ginuwak  
 petenging donya  
 amung rencek-rencek kanggo urup genining dedamar  
 "kowe ora butuh welasku"  
 senajan sapu wus ilang suhe  
 wiwirana lan jumputana biting-biting ing lemah garing  
 tlatenana  
 dak taline nganggo tampar lan welat  
 dimen ora gagar lan kliwat  
 aja sambat  
 impenmu ora cukup sadhuwure cagak  
 ora cukup saambane empyak  
 jantra isih dawa  
 nyata mulya bakal sembada

Prambanan, 24 November 2021

**Yuana Agus Dirgantara**, sawijining penggurit lan guru ing SMA N 1 Negmplak Sleman. Maneka karya sastrane Yuana wus diterbitake dening Disbud DIY, Komunitas SLEnK, lan ing maneka kawlawarti basa Jawa, Pagagan, Sempulur, lan liya liyane. Madeg dadi pranataadicara, pamedharsabda & *Wedding Consultant* samangsane ana sing njawil. Alamat omah, Dinginan, Sumberharjo, Prambanan, Sleman, DIY. 55572. No HP: 08157997332. Email: yuanadirgantara@gmail.com

### *Wah Wis*

kali-kali bludag ngentirake samukalir  
 tanduran pirang-pirang hektar  
 kalalap larut kentar  
 pari meh panen malah blasah  
 banjir bandhang  
 wong cilik ora bisa madhang  
 angel golek sandhang pangan  
 reregan malah panggah mungkah  
 gawe pikir goreh nggresah

Mangsa rendheng  
 disuguhi wong padha gendheng  
 rebut padu lali bener  
 tanggul kamanungsane wis ambrol bodhol  
 supe marang janjine dhewe  
 jare kanggo makmurke rakyate  
 jebule malah mletre.

Prambanan, 24 November 2021



# PAMIT

DWI WINARNO

**K**aya adat sabene, ing wayah esuk aku nyapu pekarangan pabrik areng papan anggonku nyambut gawe. Mula pancer mangkono aku mung jejere buruh pabrik bagian umum, nyapu wis dadi kewajibanku. Ora kaya biasane dina iki aku mung ijen. Sukir kanca sabagian karo aku nang bagian umum durung ana tandha tandha yen dheweke bakal mlebu nyambut gawe. Katitik wis wayahe pakaryan diwiwiti Sukir durung katon.

Cahyane srengenge sansaya panas cemlorot tiba ing kulitku. Sanadyan ijen pakaryan tak wiwiti. Aku miwiti saka latar kantor kang minangka rai tumrape pabrik, sawise kui lagi nggeser papan liyane.

"Puguh, kowe wis dikabari wong ngomah durung?" Keprungu pitakonan kang ngagetake anggonku lagi nyambut gawe dhewekan. Ora pangling genah swarane Sukir.

"Durung e, ana apa ya, Kir?" Aku ganti takon marang Sukir, kancaku nyambut gawe ana ing pabrik areng.

"Wis balia dhisik, jare mbahmu mriyang arep digawa nang rumah sakit," kandhane Sukir menehi keterangan.

Kebak pitakon sajroning atiku, gek mbah putri kena ngapa? Kamangka mau esuk nalika aku pamit arep mangkat nyambut gawe simbah sehat waras-wiris ora gerah. Malah simbah esuk mau reresik nyapu neng ngarep omah.

Sukir crita manawa iki mau dheweke mangkat telat, amarga mentas wae seké rapat nang sekolahane anake. Nalika bali seké sekolahane langsung njujug gaweyan liwat ngarepan omahku. Weruh bojoku karo wong tuwaku nang ngarep omahe simbah sing mung adu tritis karo omahku katon sajak lagi padha bingung. Sukir mandheg takon ana apa. Bojoku kandha manawa simbahku gerah, malah lagi nunggu kendharaan kanggo ngeterake simbah putri menyang rumah sakit.

Entuk kabar kaya mangkono aku gage ngukuti pirantiku nyambut gawe. Banjur nang kantor saperlu pamit. Ndilalah kersaning dongeng, montor sing biasane takngeo srana menyang mulih anggonku nyambut gawe malah macet.

"Ngadat napa pripun montore, Pak Puguh?" Pak Martono satpam kang jatah jaga dina iki nyeraki aku.

"Cobi dituweni businipun! Kok sajak kesesa badhe tindak pundi?" Pak Martono nerusake pitakone.

"Niki bade wangsl. Sukir sanjang menawi simbah putri gerah badhe dipun beta wonten rumah sakit," wangslanku.

"O... ngaten," wangslane Pak Martono.

Sawise cedhak piyambake sajak welas marang aku. Busi montorku dibuka banjur dibenakake. Rampung anggone ndandani busi Pak Martono nggenteni anggonku ngeslah montor.

"E... karang ya montor tuwa," celathuku.

Jreng... Mung sepisan Pak Martono anggone ngeslah, montorku terus urip.

"Alhamdulillah, matur nuwun Pak Martono," atur panuwunku kang ora ngenteni wangslane Pak Martono montor taksaut. Aku langsung nggeblas.

Tekan ngomah rasaku saya ora kepenak. Tangga teparo wis padha nglumpuk nang daleme simbah. Keprungu swara wong padha tangisan. Montor takstandarke, semu mlayu anggonku tumuju daleme simbah miyak selane wong akeh kang padha nglumpuk.

Nalika mlebu omah mak jleg, rasane dhadhaku kaya disikep kenceng nganti ora bisa ambegan meruhi kahanan. Lambeku

blangkemen ora bisa ngucap sanadyan amung satembung. Aku mung kamitenggengen, ngadeg nggejejer. Ora percaya meruhi kahanan simbahku kang wus sare dilurupi jarik.

Alon sikilku jumangkah nyedhaki layone simbah. Rasaku suwung, ora percaya marang kahanan kang dumadi. Wis cedhak anggonku jumangkah. Takkukak jarik kang kanggo nglurupi simbah. Taksawang pasuryane simbah. Katon mesem kaya lagi sare, nanging wis katon pucet lan anyep.

"Innalillahi wa inaillahi roji'un, mugi Gusti Allah paring pangapura sedaya dosa kalepatanipun simbah." Simbah takambungi banjur jarik tak lurupake maneh.

Prastowo dina kuwi gawe kaget lan sungkawane kabeh anak, putu lan buyute simbah. Ora wetara suwe keluarga sing manggon cedhak ing tlatah Yogyakarta wis nglumpuk, sing manggon ana ing njaban rangkah ora bisa langsung bali dina kuwi. Amarga papane adoh, wektune ora bisa kajangka. Mufakate keluarga pangrakti laya dileksanani dina kuwi tabuh 16.00 wib. Ora perlu ngenteni sing nang paran, kabeh nglenggana ngeklasake selak mesakake layone simbah.

Tangga teparo akeh kang paring pambiyantu anggone ngrukti simbah. Kabar sedane simbah terus sumebar, liwat siaran ana ing masjid, mushola lan uga Hp. Pambela sungkawa kang padha rawuh paring donga panjurung ilir tanpa kendhat. Sedulur, tangga teparo lan kanca patepungan akeh kang padha rawuh.

Bali saka jaratan aku wisuh nang kolah. Banjur thenguk thenguk ngisis nang ruang tamu.

\*\*\*

"Lagi ngapa, Le?" Mbah Putri dangu aku saka ngarepan omahku.

"Niki Mbah, ngisis hawane panas mboten kantenan," wangslanku.

Simbah putri banjur nyedhaki aku, lungguh jejer sinambi ngisis. Simbah pance meneng ngisis nang omahku amarga pance angine luwih sumilir tinimbang nang daleme simbah dhewe.

"Aku malah seneng nang omah kene iki. Angine sumilir adhem kepenak," Simbah miwiti ngendikan.

"Omah gedhe Mbah, angine malah saget rumesep, pedahe le ajeng mandireng." Karo unjal ambegan, mripatku mandeng adoh nrobos lawang kang wiwit mau mbukak.

"Haiya... suk suwe-suwe rak ya apik Le, alon alon... takdongakke. Penting wong ki gelem usaha lan ndedonga rak kasil kajate," Simbah ngedhem nalarku kang lagi goreh.

"Nyuwan agung pangapunten nggih, Mbah, kula dereng saget damel rena lan mongkoge Simbah," Lambeku rasane kecut banget.

"Kabeh anak, putu, buyute simbah wis dha takapura kabeh, ora ana lupiter nang aku. Aku seneng dene kowe wis mapan lan wis bisa gawe omah sakrupa-rupa, masalah apik suk alon-alon. Kabeh dha takdongakake bisa urip mulya mukti wibawa, slamet donya akherate." Simbah ngendika werna werna malah kersa paring donga kabeh anak, putu, buyut.

"Aamiin, mugi Simbah tansah pinaringan sehat panjang yuswa tutug anggenipun momong putra, wayah, buyut." Semono uga aku ngunjukake donga kagem simbah.

"Aku wis suwe anggone urip. Wis seneng isa nunggoni lan momong anak, putu, buyut nganti tekan saiki. Aku ikhlas yen samangsa-mangsa ditimbalii Gusti Allah"

\*\*\*

Mak gragap atiku, kelingan kahanan wingi awan.

"Dadi simbah wingi awan ki..."

Dhisil, 14092019

**Dwi Winarno**, manggon ing Dhisil RT 26 RW 13, Salamrejo, Sentolo, Kulon Progo, Daerah Istimewa Yogyakarta, 55664. Karyane bisa diwaca ing antologi geguritan Weling Sinangling Dinas Kebudayaan DIY. Aktip ing komunitas Sanggar Bumi Menoreh, Nyastraa Desa Dhisil, Forum Sastra Kulon Progo, Sastra-Ku Kulon Progo.

# Ngundhuh Pakarti

BAMBANG SUSILA JR

**G**um inggat!...  
Minggata!  
Metua! Panas!  
Panas!.. Njaluk banyu putih! Sapa  
manjing ana ing ragaku! Metua...  
Metua!"

Ruang priksa dokter Budi sore kuwi geger. Wong loro datan kwagang njagal polahe Pak Dirja. Luput sukune ndugang waduhah kotak medhis perawat. Ambyar kabeh isine ngebaki jogan. Pak Dirja wis ora mangerten kahanan pribadine. Paripolahe kaya wong kesetanan, kamigilan, lan kepanasan. Tumuli pawongan loro tenaga IRD kang sandhangan ijo-ijo mbrabat mlayu kanthi sigap njagal sikile Pak Dirja. Sawise kasuntik obat penenang Pak Dirja bisa lerem banjur sare.

"Kepripun, Dok! Gerah napa?"  
"Sabar, nggih, Pak! Sawetawis menika gangguan bipolar, Pak. Panjenengan sedhereke Pak Dirja?"  
"Kula Agus, stafipun pak Dirja! Bipolar menapa menika, Dok?"  
"Menika psikosis, swasana manah ingkang kontra batos, depresi, amarga penggalihan!"  
"Lajeng?"  
"Kedah ngaso cekap, penggalihé kedah saget sumeleh. Cobi mangke

kula resep Diazepam 5 mg, kangge mbantu supados saged sare!"

"O, nggih! Dokter Budi. Matur nuwun!"  
Surup ngarepe adzan magrib. Surya wayah katiga wis angslup. Sedhela maneh winci bengi. Pak Dirja durung sedhar. Kapeksa digladlag nganggo Brankar Dorong Pasien menyang mobil. Sawise tumata nuli mangkat ngener omahe Pak Dirja. Ana ngomah Bu Dirja godrah. Dene kakunge nganti sore urung bali. Ironing batin mesthi penyakit aneh kuwi kumat.

"Hmm gerah apa ta, Pakne. Nyambut gawe lora lara wae. Cicilan omah, cicilan mobil dhela maneh ditagih lho! Gek ndadak lara apa kuwi. Corona?! Wong wis protokol kesehatan mosok kena! Weh wedi aku, Pakne!" Bu Dirja ngedumel dheweken ana ngarep kaca Paes. Dumadakan keprungu swara mobil mandheg.

"Kula nuwun!"

"Nggih, sekedhap! Mangga. O, Pak Agus. Lho Bapak kimat malih ta?"

"Inggih, Bu. Menika wau saking Dokter. Kimat gerahipun. Lajeng dipunsuntik obat penenang ngantos samenika saged sare!"

"O, nggih pak. Nyuwun ngapunten.

Bapakne namung ngrepotaken mawon!"

"Boten napa napa, Bu! mangga kula pamit rumiyin!"

Sapungkure Pak Agus lan karyawane Pak Dirja, Bu Dirja enggal bali ana kaca rias. Pak Dirja wungu, nuli methuki garwane.

"Bu, aku lara ora cetha laraku. Pie iki Bu. Medhis ora bisa nemokake lara apa iki!"

"Iya, Pak. Pak. Jenengan ki yen gerah wae, rak ora bisa melebuta. Dhuwit seka ngendi sing arep kanggo ngangsur omah ngangsur mobil iki?"

"Bu, mula ta, Bu. Ayo, ta Bu budidaya golek tamba. Laraku kumat pendhak wektu!"

"Iya Pak. Gek ndang mari ,ta Pak. Urip saiki kuwi ora kaya jaman simbok. Saiki apa-apa larang. Awake dhewe misuwur wong penting lan tokoh masyarakat lho, Pak. Apa ora gengsi menawa disawang omahe mringis bata ora alus, isen-isen omah mlompong, ora duwe mobil. Byuh ale kaya wong sekeng!"

Mangkono Bu Dirja muni-muni karo pincak-pincuk lathine. Wong urip mono miturut Bu Dirja penting

disawang elok, moncer, sugih  
bandha donya, apa-apa sarwa ana.  
Najan cara lan pangusadane slenco  
saka paugeran. Wong liya ora  
mangerten kepriye carane golek,  
nanging nyawang wujude bandha.

"Iya ya, Bune. Aku ora sah kok  
ceramahi mangkono. Wis dak turutu  
panjalukmu, Bune. Ning awakku  
jaluk mari sikik, Bune!"

"O iya. Pakne... Pakne! Rene pakne.  
Lenggah caket aku. Dak omongi."

Senthawing rekmene Bu Darman  
diswawitake. Krembyah.

"Iya ya. Ana wigati apa, Bune?"

"Aku bar dingendikani Bu Kaji  
Abdullah, sik gawene ngajak  
pengajian kuwi. Ana Ustad  
asmane Ustad Bustomi pinter  
ngilmu agama Pak. Kabare jare  
bisa ngusada donga wong-wong  
mertamba. Mbok nyoba, diundang  
kan mara, Pakne!"

"Apa iya. Enggal celuken Kang  
Giman kon sowan!"

"Iya, Pakne!"

"Man, Gimana. Wong kok lelet pa  
ra duwe kuping! Gimana! Renea!  
Bedundak bedunduk!"

"Nggih, Bu. Wonten dhawuh, Bu.  
Menika nembe reresik kebon  
wingking griya. Boten mireng!"

"Rungokna! Aja nganti ra dhong!  
Iki penting. Kowe dak utus, sowan  
Ustad Bustomi. Matura menawa Bu  
Dirja ngaturi panjenengane rawuh  
rene. Nambani gerahe Bapak!"

"Nggih, Bu!"

Kang Gimana kuwi batur kluwargane  
Pak Dirja, nuli enggal budhal.  
Keprungu adzan Magrib. Wong-  
wong padha andalidir menyang  
Mesjid. Kalebu Gimana. Mesthi  
ndhisiki wegah nemoni shaf nomer  
lоро. Teka sawise Ustad Bustomi  
rawuh. Banjur sholat jamaah.

Bubar jamaah Magrib biasane  
Ustad Bustomi maos kitab suci.  
Giman nunggu, rampunge. Banjur  
metur apa perlune.

"Assalamu 'alaikum, Tadz"

"Wa 'alaikum mussalam Kang  
Giman. Ana perlu apa sajak  
bingung?"

"Ngaten Tadz, mangga kersa rawuh  
ten dalem Pak Dirja bendara kula.  
Panjenengane gerah aneh. Mangga  
ta Ustad Bustomi kersaa tindak.  
Matur nuwun!"

"Iya, iya. Aku mara. Ayo, Kang. Ayo!"

Tumeke daleme pak Dirja. Wis  
gegeran maneh Pak Dirja kumat.  
Bengak bengok kaya wong  
kesetanan. Ora tinemu nalar.  
Panas gemledheg awake. Muneg  
muneg wetenge. Mumet ora  
karuhan. Hoak hoek njijiki kiwa  
tengen.

"Sapa mara kuwi! Lunga...Lunga...  
Nambahi panas awaku. Hiyunggg..  
apa sing ana jero awakku iki!  
Tulunganaku!"

Kanthi sigap, Ustad Bustomi  
nyandhak epek-epek kiwane Pak  
Dirja. Dipijet karo ndedonga.  
Banjur klentruck ragane Pak Dirja.  
Banjur melek Byar. Pethuk netrane  
Ustadz Bustomi.

"Oh, Ustad Bustomi. Sugeng  
rawuh!"

Pak Dirjo lenggah ing dipan.

"Penjenengan ora gerah. Nanging  
sing momong jasad jenengan  
kuwi wegah kepanjungan rereged  
awujud nafsu srakahing setan!"

"Pripun maksude, Tadz."

"Ngaten Pak Dirja. Sanyatane  
pamomong kita menika suci lan  
nuntun ing kasaenan. Elik-elik  
nalika kita dibisiki setan iblis.  
Menawi mboten trima nggih  
ngoteng niku. Protes!"

"Hmmm... Nggih, Ustadz!"

"Mila kersaa syahadat rumiyin,  
wudhu lajeng sholat. Menika  
minangka tetulakipun!"

"Inggih, Ustadz. Dherek mertobat  
kula. Sakit sanget, Tadz!"

"Mertobat namung dhumateng  
Gusti Alloh. Nashuha. Sampun  
ngantos wangsuli malih!"

"Sakit kula saged mantun  
boten, Tadz?!" Pak Dirja nangis  
sesenggukan.

"Mangga kanthi ihlas lair batos  
panjenengen mertobat. Gusti  
Alloh mesthi nampi taubat  
panjenengen!"

Sawetara kahanan tintrim nyenyet.  
Mung keprungu lamat lamat  
dongane Ustadz Bustomi. Pak  
Dirja lungguh sila sangarepe  
Ustadz Bustomi. Tangga teparo  
kang padha nungsung mung bisa  
meneng cep klakep kadya orong-  
orong kepidak. Kami tenggengen  
amarga rupane Pak Dirja mbrabak  
abang. Dumadakan...

"Haduh biyung...Gustii...Panas!  
Panas! Awakku kobong! Ustadz  
tulunganaku!"

Pak Dirja mbengok sarosane. Karo  
nyekeli wetenge. Polah sageleme  
ora eling. Kaya sapi disembelih  
wae. Kapeksa Ustadz kabyantu  
para tangga teparo sing kakung,  
njagal ragane Pak Dirja. Bengak-  
bengok sarosane. Sambat sebut  
ora cetha. Ambarabak raine. Badan  
ndhrohog panas. Luh dhleweran  
kaya siniram udan teles ambanyu  
mili. Ustadz Bustomi mijed  
astane Pak Dirja. Sakala klempruk  
nglumbruk. Ragane Pak Dirja tanpa  
daya.

"Pak.. Pakne...Eling, Pak! Elinga,  
Pak!" pambengoke Bu Dirja  
ngabruk kakunge. Nanging

dicandhak Ustad Bustomi.

"Bapak boten napa-napa Bu. Mangga radi tebih, Bu!"

Swasana saya rame. Ing njaba para warga padha teka, ngumpul. Padha kepengin mangerten i apa jalaran larane Pak Dirja kuwi. Ing ruangan tamu, Ustadz Bustomi khusuk anggone ndedonga. Pak Dirja polah. Kabeh kang njagal wong cacah papat kuwalahen. Tan kwagang rosane Pak Dirja kaya binyantu wadag kung ora nyata. Kahanan sangsaya geger. Padha kamigilan nyumurupi kahanan Pak Dirja. Rupane mbrabak kaya daging didhendheng. Wetenge mlembung kaya arep bledhos. Polahe Pak Dirja klesetan karo hiyang-hiyung sambat sebut.

Dhor...! Thorrr...dhorrr! Blarrr...!

Dumadakan keprungu swara seru banget. Nanging punjere swara ora padha mangerten i. Kabeh ing ruwangan padha kaget njumbul kadya keprungu swarane thathit mangsa kasanga. Anehe, para warga sing ana jaba omah ora padha krungu. Mula padha nasak mlebu ruang takon ana apa.

Durung rampung bingunge warga lan saomah, katingal kumelun keluk tipis putih jumedhul saka mbun-m bunane Pak Dirja. Saya suwe saya kandel. Saya suwe saya nglegewa. Kanyata keluk putih kuwi cetha dadi seratan-seratan aneh.

Rupa ukara-ukara kang bisa kawaos sapa wae. ... uang tips... uang dibawah meja...uang pelican... uang diam...nota kosong...nota palsu...uang damai...ceceremed... kontrak bohong...proyek tipuan... cap-cap palsu...uang haram...uang haram... .

Sambung sinambung kumelun datan pedhot-pedhot. Saka gegere Pak Dirja, katon mbekisik metu tulisan kaya dene tattoo abang anyar muni...ngundhuh pakarti malang saka geger ndhuwur mangisor. Wong-wong padha gila, wedi, gumun, muneg-muneg nyumurupi kahanan mangkono. Warga sing ana njaba pating jlerit, bengok-bengok. Pating clebung padha alok ngala-ala Pak Dirja lan kaluwargane, jebul tumindake diwelehek sing Maha Wikan. Kahanan mangkono kadadeyan udakara setengah jam.

"Blarrr.... Kretakkkkk...., wuss.. srettt...Klothak..!"

Saka kamare Bu Dirja keprungu swara sora kaya barang-barang disawitake kena bala pecah pating klothak. Banjur para warga nyemantakake, kothak kebak pepaes wujud mas inten kuwi kobong mengangah. Sandhangan padha kobong datan sebab. Mobil kang kaparkir ngarep omah uga kobong. Para warga geger. Myat kekiter mlayu mrana-mrene nanging mung padha bingung. Arep tetulung kepriye anggone nulungi. Amarga padha wedi. Pungkasan padha pating greneng.

"Kareben. Mbokmenawa iki paukume Gusti saka tumindake Pak Dirja lan kluwargane. Awake dhewe padha bisa ngapa. Pangwasaning Gusti datan tidha-tidha. Kabeh dadi pepeling kanggo kabeh!"

Nanging najan geni molat molat, omah lan perangan omah sakawit ora melu kobong. Kanyata kuwi tinggalan leluhure Pak Dirja kang sholeh. Bu Dirja ibut bingung kamigilan mlayu rana rene tanpa sandhang kumlawer. Bengak-bengok kaya kesetanan. Amarga sandhangan kang diagem uga melu kobong. Banjur ndhelik ana kamar. Kaya wong edan.

Kahanan sabanjure lerem, bareng keluk putih saka mbun-m bunane Pak Dirja ilang. Geni kang molat-molat pada ilang nora katon parane. Mung ninggal langes lan awu ireng. Prasasat meh saisi omahe Pak Dirja entek kobong dadi areng. Ustadz Bustomi nuli unjal ambegan.

"Astaghfirullohal adzim... Alhamdulillah!"

Keprungu mobil patroli Polisi mandheg ngarep omah. Nuli Polisi cacah lima mlebu.

"Maaf. Betul ini rumah Pak Dirja?" Pandangune Polisi marang para warga.

"Betul, Pak!" Jawabe para warga tanpa tedheng aling-aling.

"Beliau kami tangkap! Ini surat perintah kami dari KPK dan komandan kami!"

Pak Dirja kang durung pulih jati kapribadene kuwi diglandhang menyang kantor Polisi.

\*\*\*

**Bambang Susila JR**, aktif nulis karya sastra Jawa, kang terbit ing Pagagan, Sempulur, Djaka Lodang, Antologi Dinas Kebudayaan DIY, lan liya-liyane. Kejaba ngasta dadi guru basa Jawa ing SMP N 1 Semanu, Bambang aktif ing Sanggar Sastra Jawa Gunungkidul PRESAJA. Pidalem ing Logandeng, Playen, Gunungkidul. WA 087839591543

# Dudu Berase Ditempurake

*Nyambungi gunem, nanging ora  
cundhuk karo babagan sing dirembug*



# Klamit, Mbak..Mas...

HENRI AULIA NUGRAHA

**L**suk kuwi srengenge sing njedhul saka wetan mblerengi kaca cendhelane Rani. Makgragap, Rani banjur tangi karo mancal guling. Dheweke mlayu neng pawon karo bengok-bengok marang simbokne.

"Piye ta, Mbok! Wis awan kok aku ora mbokgugah?"

"Owalah.. nganti keju lambeku nggugah kowe."

"Lha iki aku mesti wis dienteni karo kanca-kancaku."

Rani nyaut andhuk neng centhelan banjur mlebu kolah. Dheweke kesusu banget amarga kadhung kangsenan karo kanca-kancane. Pancen dina kuwi, dheweke wis duwe pepinginan arep dolan munggah Gunung Sumbing. Pepinginan iki pancer wis suwe, nanging lagi kalakon saiki.

"Mangkat sik, ya Mbok."

"Ora sarapan, sik? Ya wis ngati-ati, dijaga solah bawane, aja sakkarepe dhewe, alas kuwi dudu panggonanmu."

"Asyiap!"

Kabeh uwis mlumpuk neng ngomahe Aji, kajaba Rani amarga kawanen. Iki sing marahi kancane misuh merger geteni rong jam.

"Wis jam pira iki? kok irunge Rani rung njedhul-njedhul? gek ra sida

melu bocah iki?" Aji sing wis ribut.

"Paling rung tangi, gek di WA neng group wae!" Retna semaur.

"Lha gilooooo dhapurane....," Bayu mbengok sawise krungu swara montore Rani.

Rani, Retno, Bayu, Aji banjur mangkat ana panggonan sing nyewakake alat *camping*, sing sakdurunge uwis dipesen dening Bayu. Rani karo Bayu wis padha duwe tas *carrier* dhewe, dadi kari nyewa piranti-piranti sing durung ana, kayata tendha, *sleeping bag*, *nesting*, lan kompor. *Packing* mbutuhake wektu kira-kira rong jam. Sawise kuwi, banjur mangkat amarga srengenge sansaya munggah. Rani mangkat boncengan karo Bayu, banjur Aji boncengan karo Retna. Jarak saka Kulon Progo tekan Magelang mbutuhake wektu kira-kira rong jam.

Dalane alus, munggah lumrahe munggah gunung. Mlebu Magelang, hawane wis lekas adhem. Retna awet nemplek karo Aji. Apa maneh montore Aji Vixion, wangun kanggo mlaku neng dalan sing munggah. Rani karo Bayu amung bisa katisen turut dalan nyawang bocah loro kuwi sing lagi nandhang kasmaran.

Mlaku rong jam, bocah papat kuwi tekan base camp via Mangli. Ana base camp kuwi uwis rame akeh

romongan liya sing padha arep munggah. Rani sakanca banjur ngaso dhisik, sinambi dhuhuran amarga wis jam loro awan. Anggone ngaso banjur dibablaske sisan ngenteni wayah ngashar. Dadi mengko munggah sakwise sholat ngashar.

*Base camp* Mangli dipilih merga sing paling cedhak jarake seka Kulon Progo, neng isih arang dienggo karo pendhaki sing liya. *Base camp* Mangli kalebu base camp sing penak, papane jembar, banyune resik, cedhak masjid karo kelurahan, lan disuguhi wedang panas, kopi, utawa teh sing bjsa digawe dhewe gratis kanggo pendhaki. Mlebune kana mung mbayar pitung ewu rupiyah kanggo registrasi saha pendhataan. Ana kana kabeh piranti sing ana neng *carrier* dipriksa dening petugas kanggo ngawekani menawa ana sing gawa piranti-piranti sing ora dialehke kayata tissue basah, *music box*, lan liya-liyane. Barang-barang sing kaya mengkono pancer ora entuk digawa munggah amarga isa ngrusak lingkungan lan ganggu kewan endemis.

Ora nang kana apa neng kene, nengendi papan Retna karo Aji wis kelet kaya gula karo semut. Anggone leren ya pating nglendhot siji karo sijine kaya wis ora ana panggonan sing liya. Rani banjur

nyusul Bayu sing lagi guneman karo pendhaki liya sing wis arep munggah. Ora suwe, adzan wis krungu seka masjid lan Rani karo Bayu njak sholat.

"Wes adzan cah, gek ndang solat, yo."

"Hooh, Cah, gek ndang tangi."

Kabeh menyang mesjid kejaba Aji sing isih semendhe tembok karo ngentekke udude sing kari tegesan.

Bubar ngashar, kabeh banjur nyepakake piranti-piranti kanggo munggah bareng karo rombongan liya. Ananging bali neng base camp wis ora ana uwong, sing mau rame kebak uwong dadi sepi kaya omah suwung. Dina kuwi, rombongan Bayu sing keri dhewe munggah nalika isih padhang. Supaya bisa tekan puncak sejati, para pendaki kudu ngliwati patang pos. Pos siji tekan loro bisa diliwati dening Bayu sakrombongan tekane wengi. Dene paling ampuh wengi iku amung bisa tekan pos telu punjur setengah. Bayu ya pangerten marang kanca-kancane sing wadon amarga uwis padha kesel ora kuwat, apa maneh hawane adhem banget. Bayu karo Aji banjur gawe tendha kanggo turu wengi iku, dene Rani karo Retna masang kompor kanggo nggodhog banyu gawe wedang lan mi godhog.

Angin ana gunung sansaya wengi sansaya adhem. Mula bocah-bocah padha mlebu tendha sisan patrap anggone turu. Bayu neng pojok kulon, sandhinge Aji, tengah si Retna, dene Rani ana pojok wetan. Kabeh brukut anggone nganggo gombal, isih ditambahi sb, ananging angin sing saka njaba isih krasa tekane jero tendha. Bayu karo Rani wis bablas anggone turu, ananging Aji karo Retna isih padha

cekikikan anggone guneman karo turu.

Tekane sregenge nyunar seka wetan gunung, ngagetake Rani kang banjur tangi karo bengok-bengok mlayu metu. Gumun marang seswangan endah ing kana.

"Ah! Gusti, iki apa?" Rani mbengok ora bisa ndhelikake rasa gumune.

Makgragap Bayu nyusul. "Gusti Allah!!!!!!"

"Asu! dha ngapa bengok-bengok ki!" Pambengoke Aji seka jero tendha.

"Ana apa, ta?" Retna nambahi.

Senajan durung tekan puncak, ananging srengenge kang nyunar ketok cetha wiwit seka njedhul ing tengah gunung tekane munggah nganti ketutupan kabut. Pemandhangan iki sing dadi ancase pendhaki nalika munggah gunung. Kaendahane ora bisa digambarake nganggo tetembungan apa wae. Kabeh miripat amung bisa ndomblong ngematke kuwasane Gusti Kang Maha Agung. Aji karo Retna banjur melu mlayu metu bengok-bengok ngematke kahanan sing endah kuwi. Kabeh ngetokake hp dhewe-dhewe kanggo golek gambar.

Tutug anggone golek gambar, bocah-bocah banjur masak kanggo sarapan sadurunge mbacutke tekan puncak sejati. Kira-kira jam rolas awan, rombongan Bayu wis tekan dhuwur puncak sejati, banjur golek gambar siji-siji lan ngaso ana puncak sedhela bareng karo rombongan liya sing padha golek gambar. Ora suwe, bocah papat kuwi mau mudhun bali ana tendha sing ana neng antarane pos telu karo papat. Leren, sinambi ngentekke panganan supaya

anggone mudhun entheng ora kakehan abrak. Dadi bocah-bicah kuwi padha mudhun kira-kira wayah maghrib.

Anggone bali mudhun ora ana perkara kang temenan, nganti tekan pos telu arep neng pos loro. Dalane dadi dawa, rasane mlaku uwis suwi kok ora tekan-tekan.

Rani ya wis sambat ora karuhan, mondhang-mandheg mbenakake tali sepatu sing ucul terus amarga kesandhung oyot wit-witan sing gedhe dhuwur. Apa maneh wayahe wis wengi, dalane peteng banget, kamangka kuwi ngliwati kali lan alas kang jembar lan dalane ciyat. Bayu karo Aji dadi sing njagani cah wadon.

"Kene, gocekan tanganku. Dalane lunyu lo, Cah, ngati-at!"

"Iya, Retna ben tak gocekane."

"Asiiiiiii...sepatuku, Yu!!!" Rani tiba kesandhung.

Pikirane wis tekan ngendi-ngendi amarga rumangsa ngambu wewangen neng sakjeroning alas. Pancen Rani kuwi bocah sing atos ananging jirih babagan sing kaya mengkene. Apa maneh iki wis tengah wengi, jam 00:00. Ora suwe, Aji yo sambat nek wis ora kuwat, dheweke njaluk leren sedhela. Angine wis lekas beda, sansaya adhem lan banter, nganti wit-witan cilik padha obah mosak-masik. Sejatine, kabeh yo wis ngrasa aneh nalika tekan pos loro ning ya padha meneng wae amarga wis ngerti aturane. Saben dalam Retna amung plorak-plorok ngematke kiwa tengen lan dhuwur. Ora ana sing ngerti apa sik digatekake bocah kuwi, ananging wiwit mudhun neng pos loro pasuryane uwis beda. Bayu sing weruh kahanane kanca-kancane ya melu mandheg. Dheweke mbatin ora biyasane si Aji

kaya mengkene, biyasane dheweke ora tau njaluk leren nanging iki dheweke pancek ketok kabotan lan sayah banget. Sejatine pikirane bocah papat kuwi ya wis tekan ngendi-ngendi, uwis cetha ana sing ora bener. Dalan sing kudune tekan pos siji nanging malah mubeng-mubeng ora tekan-tekan. Dumadakan, ana rombongan kang liwat, aruh-aruh karo Aji.

"Klamit, Mbak, Mas..."

"Nggih, mangga, Mbak.."

"Nembe mandhap, Mas?"

"Inggih, kendel rumiyin, Mbak"

"Rumiyin nggih, Mas," kandhane karo mesem.

Ora kanyana-nyana, ana rombongan mudhun liwat kene. Rombongan kuwi kebak uwong, ananging ana sing aneh. Kabeh pasuryane pucet lan padha meneng wae kajaba wong wedok siji.

"Cah, awakdhewe ora kesasar! kae mau ana wong liwat." Pambengoke Aji

"Uwong endi uwong?" Wangsulane Bayu

"Matamu lo, Nyuk, lagi wae liwat kene mau," kandhane Aji

"Omongan apa kowe ki, Ji. Aku ket mau ra weruh uwong liwat kene," saurane Rani

"Kowe dha merem, Ndhes. Mau ana rombongan sing liwat kene ngeruh-ruhi aku. Wis gek ndang ayo mlaku meneh mbarengi kae mau supaya ora kesasar meneh." Aji gumregah nggendlhong tas lan

mlaku ngentutke rombongan mau.

Bayu, Rani, Ian Retna banjur nguyak Aji sing wis kadhung ora bisa dikandhani. Anggone mlaku banter lan malah tambah mblasuk mlebu alas. Aji wis saya ora ketok maneh, bocah telu kuwi kelangan tepak sikile Aji. Sentere ya wis mati kentekan batu. Kabeh padha bingung lan wedi nek ana apa-apa karo si Aji. Retna wis nangis kekejer amarga wedi karo kahanan sing ana. Pikirane wis ora karuhan. Bayu sing bingung isih ngeneng-nengi Rani supaya bisa tenang lan ora kuwatir.

"Sik ya, tak rana sik," Retna sing turut dalan meneng nyuwara

"Arep nang ngendi, Na? Aja lunga sik, iki awake dhewe aja nganti ana sing pisah meneh!" panyaure Bayu.

"Sedhilit, Yu...," kandhane Retna

Bayu sing isih nyekeli Rani bingung, arep kepiye anggone nandangi Rani lan nyekeli Retna supaya ora lunga. Retna kadhung mlaku neng sisih tengen sansaya adoh lan wis ora ketok meneh. Dene Rani isih nangis wedi gemang diculke tangane seka Bayu. Kahanan wis ora bisa dikira-kira maneh. Bocah papat sakrombongan mau padha ilang siji mbaka siji. Bayu bingung arep mandheg ngenteni Retna apa mlaku nggoleki Aji.

Udakara seprapat jam, Retna bali lan nudingi sisih tengen.

"Aji ana neng kana Yu, Rin!" pambengoke.

"Tenane, Na? Kok kowe ngerti?? Kowe saka ngendi?" wangsulane Bayu

"Wis saiki sing penting ayo rana sik, kuwi mengko wae," semaure Retna.

Bayu, Rani, Ian Retna banjur mlaku ana ing sisih tengen, nganti mandheg ana ing ngisor wit gedhe kang dhuwur. Bocah telu kuwi banjur weruh Aji semendhe ana ing ngisor uwit kuwi. Bayu banjur nggeret Aji lan nggebyur nganggo banyu sing isih ana neng tas. Aji tangi kanthi rai bingung.

"Ayo mlaku saiki, liwat sisih kana," Retna ngejak ngaduh seka wit kuwi.

Kabeh manut apa sing dikandhakke Retna, ora ana sing takon ngapa utawa kena apa. Bener wae, dalan sing diduduhke Retna yaiku dalan sing pener. Pos siji uwis katon cetha ana neng ngarep mripat lan uwis ana ojek sing methuk. Kabeh banjur leren ana *base camp*. Ora ana sing wani ngandhakake kadadeyan sing lagi wae dialami nganti tekane bali ngomah.

Nganti pirang-pirang dina sakwise kuwi, Retna lagi crita sing saktenane menawa wingi pancek kesasar. Dheweke sakanca metu bareng karo wayahe kana padha metu. Mulane akeh banget bab kang bisa njalari dheweke sakanca kena godha. Aji sing kena amarga dheweke wis kagodha marang wong wadon kang liwat mudhun neng alas kana lan duweni niyat kang ala. Kamangka sejatine wong wadon kuwi sing jaga alas kana.

# *goreh*

AY SUHARYONO

ing pojok emperan omah,  
aku maca WA saka Shinta,  
wanita kang dakkenal  
lumantar *chattingan* lan *videocall*,  
amarga asring maca tulisan-tulisanku  
kang kapacak ing blog pribadi.  
Durung nate abenajeng. Suwene  
suwe jalanan saka gojeg parikena  
tuwuhan rasa tresna, kamangka  
aku wis blaka suta durung suwe  
sisihanku tilar donya, prasasat  
durung nganti mendhak pindho.

"Sugeng enjing Pak, kula pun dugi Prambanan," mangkono notif kang daktampa lumantar *chattingan* WA. Aku bungah, seneng, gugup campuradhus dadi siji. Gage adus salin klambi sing necis ora lali minyak wangi. Kadereng kepengin ketemu kenya sulistya saka Surabaya. "Pak, arep tindak ngendi? kok kemrungsung sajak gidhuuh?" mangkono pitakone mbarepu kang wis peputra telu. "Ora sah ning warung, iki takgawakake dhaharan". "Bapak ora sah neka-neka, yen nulis, olah raga, sanja kanca, uger bapak seneng, mesthi daksengkuyung, nanging siji sing putramu ora sarujuk, aja ndheher tresna marang wanita liya kejaba swargi ibu".

Thiwiuit

Dumadakan HP muni, takbukak sing WA Shinta. "Kula pun dugi Stasiun Tugu Pak"

Sanalika batinku goreh kudu  
mangsuli piye. Anakku uga kepingin  
ngerti sapa sing kirim WA. Saka njaba  
lamat-lamat keprungu kidung tlutur  
sing ditembangake tangga.

## ၃၂။ အမြန် ပုဂ္ဂနိုင်ရန်

၁၇၈၀ ခုနှစ်၊ မြန်မာနိုင်ငြန်ပါရမ်း၊ အောက်ပါတော်းမြို့၏ ပုဂ္ဂန်များ

**AY. Suharyono.** Novelis, Cerkais, lan pengurit. Mapan ing Mangkuyudan MJ III/345 Yogyakarta

# Sowan

## PRAGINAJALI

**S**ékawit amung mendél ing sajroning griya, wanci siyang tanpa ana pakaryan apa-apa. Saka jroning nala, ana swaraning ati yen aku ana kěpenginan arěp sowan marang Panjénèngane ing madyaning papan suci kang kěbak ing wělas asih.

Apa ta darunane, rasa kangénku tumiba ing wěktu dina iki? Pancen kapara wus suwe ora marak sowan, aku ora ana gégayuhuan kanggo ninggalake salawase marang Panjenengane, amung sawetara wae. Bebasane mbukak 'Album Foto' ing Facebook, coba tak sawang-sawang maneh sinambi ngunjuk 'kenangan' duk ing nguni.

Mbaka siji aku mbukakake banjaranku éném taun kapungkur. Banjaran ing kala mangsa aku nyoba mangérteni bab gésang ingkang sinéngkér lan nuladha klawan Gusti ingkang manjalma ing madyapada. Aku dhewe nduweni jéjuluk marang Panjénèngane yaiku Sang Pangeran. Awit saka wahyuning Sang Pangeran, banjur aku sumékta ing gati sawega ing dhiri minangka abdine. Minangka abining sang Pangeran, aku ora ngébotake pěnggalih karo sandhangan sing tak anggo wiwit aku lair, aku ora kudu ganti sandhangan yen arep nyémbadhani dhawuhing Sang Pangeran, amung cukup kanthi srana pitaya marang kuwasaning Hyang Suksma.

Dhasar Kraton ingkang agung lan ayom ayém, mataun-taun aku dadi

abdi ing Kraton iku. Minangka abdi, aku kudu mangérteni apa sang dadi kebutuhane sang Pangeran. Salah sijine yaiku ing kala Sang Pangeran anggělar pisowanane lan kěbul bujana suci ing Kraton. Dudu bangsane dhaharan arupa dědagingan kayata běstik, utawa unjukan sěgér kayata es Jus, sakabehe dhaharan sing dicépkake yaiku ujuding daging minangka dhaharan lan gětih minangka unjukan, sakabehe saka Panjénèngane. Ora sarwa tinuku, sakabehe diparingake kanthi rasa eklas lan wělas asih mring pra umat kang marak sowan lan pitaya marang Panjénèngane. Iku kabeh mawa sasmita, yen sang Pangeran minangka tuladhaning tiyang ingkang andhap asor.

Wis dadi wajibe, ana mangsa aku kudu ninggalake lan nyinaoni maneh apa sing dadi kodratku kawit lair. Kaya ta pěpanggihan karo kanca lawas sing suwe ora ketemu, ana rasa gagap, gugup, apa dene kagok rikala nemoni. Prasaja wae, aku nrésnani kanthi bangét berkahing Gusti kang maujud kodrat. Gagap ora ana suwe, bějga kemayangan ana kalodhangan kanggo nyinaoni maneh, sing lali aku dielingake.

Ali – ali kěmbange kuningan, dilalil-lalil samsaya kelungan. Sěmana uga

sing tak rasakake, kaya ora bakal isa lali marang Panjénèngane.

Siyang iku.. kapara aku sowan ing ngarsaning paduka sang Pangeran. Wanci siyang Kudus, éning, swaraning 'organ',

mubyar murub genining lilin ing sangarépe Sang Ibu Kěnya, aku marak sowan marang Gusti Pangeran ingkang kěrsa ngurbanake jiwa lan raga minangka srana panglěbur dosaning jagad saisine. Amung ujub, karahayon maring kula lan sagung umat, pangajabku muga-muga tansah eling mring Hyang Widdhi.

Sanalika.. ing kala mangsa aku ngaturakén sěmbah pangabékti maring Sang Bapa, Sang Ibu Kěnya, lan Sang Pangeran. Rasane kaya sěpisanan kěpanggih marang tětiganya, kaya rinangkul kiněmpit-kěmpit linantaran rasa trésna. Iku dadi sawijining kabagan kang ora bisa dijarwakake, amung ana tandha yen sang abdi amung bisa muwun saha anuwun, dene pěpanggihan antarane Sang Pangeran lan sang abdi wus kasémbadan.

"Aku suwe ora sowan mrene,, panuwunku tanpa pepindhan." pungkasning aturku ing madyaning Kraton.

**Sawijining Kraton ing Gandakusuman, Ngayogyakarta**

**Praginajali.** Aktif ing kegiatan sastra budaya Jawa SSJY. Sengkut ing aktivitas beksa, dalang, pengrawit, lan nulis sastra Jawa. Mapan ing Perumahan Tugu Asri, Sariharjo, Ngaglik, Sleman, DIY. WA.081319888193

# Klamit.. Pamit Sowan Ngundhuh Pakarti

KRISHNA MIHARJA

**T**rep karo tembunge kang dianggo, Cerita Cekak iku gancaran kang cekak. Tegese cekak ora gayut marang dawa lan cendhake babaran tulisan, uga ora sambung marang cacahé kaca tulisan mau. Cerkak bisa wae cendhak kaya *SOWAN* anggitane Praginajali, utawa dawa kaya *KLAMIT, MBAK.. MAS* karyane Henri Aulia Nugroho, utawa sedheng kaya *PAMIT* karangane Dwi Winarno, lan *NGUNDHUH PAKARTI* reriptane Bambang Susila Jr.

Banjur, apa tegese cekak mau? Miturut pra jumhur lan pra winasis ing babagan susastra, cekak ing kene ditegesi cekak momotane. Sabisa-bisa momotan cerkak iku mung arupa konflik-masalah cacah siji, sithok thil, kang banjur kawedhar lan diudhari. Ana kalane banjur ditambah: ing pamrih bisa diwaca sak dhéng sak nyet sak uwat iku uga.

Ing pambabarane bisa nganggo *deskripsi, narasi*, utawa *dialog*. Dipilih tembung ‘utawa’ ing karep ora kudu tetelune mau ana ing saweneh anggitan cerkak. Bisa wae mung ana loro, malah ora nampik yen mung ana siji. Kabeh

gumantung marang pokal (cara-teknik?) penganggit cerkak mau, jalanan pangripta duwe kamardikan milih cara apa wae kanggo tumuju marang kaendahan kang dadi ancas paran tujuwane.

Kayadene cerkak *SOWAN*, kang prasasat kabeh arupa narasi, mung ana dialog cacah siji, ngono wae mung *auto-dialog* kang bisa wae digawe narasi mesisan dening Praginajali. Kaya adat saben, cerkak model ngene iki pambabare wujud ora bisa dawa. Mesthi wae beda karo *PAMIT* duweke Dwi Winarno kang rada akeh *dialoge*, samono uga *KLAMIT, MBAK.. MAS* duweke Henri Aulia Nugroho, lan *NGUNDHUH PAKARTI* duweke Bambang Susila Jr. Banjur pira prosentase-formula perangan-perangan mau? Mesthi wae ora ana pakem tumrap iki, kabeh gumantung marang pangripta cerkak. Ana cerkak kang wujud narasi kabeh, uga ana kang wujud dialog kabeh. Sing cetha, saking pintere para pangripta cerkak nganti bisa anyipta kang satemene dialog ana ing babaran narasi. Suwalike ana kang anyiptakake narasi ing lakuning dialog, kaya dene kang ana ing babaran naskah

sandiwara radio, ing kono lakuning kedadean kang winengku wektu kapatrap ing satengahe dialog.

Bali marang kojah ing ngarep, kang matrelakake menawa cwekak mono kudu duwe konflik. Ing kene, konflik iku ora kudu dimaknani anane konflik-fisik antarane pawongan siji lan pawongan liyane. Emane, akeh pengarang Jawa kang tekan saiki isih nggegegi yen konflik mono kudu asipat wujud, kamangka bisa wae konflik kuwi asipat batin kaya ing *SOWAN*. Ananging sabisa-bisa konflik kudu cetha, lan dadi underaning crita, dene kedadean lan kahanan kang liyane kaya-kaya dadi gegodhongan kang mentiyung lan nyengkuyung wewangunane crita kang ana. Aja nganti kedadean lan kahanan ing crita mau malah uwat saka underaning crita lan malah kena diarani mung ‘ngreged-ngregedi’ wosing crita.

Sawise ana konflik, mesthine uga kudu ana paraga. Sabisa-bisa paraga mono saperlune wae sauger karakter paraga wis bisa nyengkuyung anane konflik lan lakuning plot-alur ing wewangunane cerkak mau. Kayata Bu Dirja, Pak Dirja, dokter

Budi, Gimana, lan Ustad Bustomi, ing NGUNDHUH PAKARTI. Kirane paraga iki wis bisa amemangun wewangunane cerkak.

Sawise ana paraga uga banjur mbutuhake anane papan-wektu kedadean, setting. Setting crita ora kudu persisi karo kahanan lan wektu kang nyata. Jalaran gancaran-cerkak mono saweneh tulisan kang klebu fiksi. Kabeh kanyatan kang ana ing crita kuwi mujudake ‘fiksi – alam imajinas’ pengarang-pangriptane. Banjur apa setting munggah gunung ing KLAMIT, MBAK.. MAS.. si pangripta kudu tekan ing gunung? Ora kudu! Mung wae supaya critane pener lan bisa anyengkuyung wewangunane cerkak, saora-orane pangripta ngerteni perkara kuwi kanthi permati. Dene ing wektu iki, kanthi teknologi internet, pangripta luwih gampang golek sisik melik tumrap saweneh papan tanpa kudu teka ing papan kang sanyatane. Kanggo gegambaran kang wis kelakon,

sastrawan Kho Ping Hoo ora ndadak perlu tekan negara Cina nalikane arep ngarang crita silat Bu Kek Sian Su lan crita liyane.

Perangan pokok kang sabanjure ing cerkak yaiku anane plot-alur utawa lakuning crita. Dene kang gampang lan biasa dipigunakake dening para pangripta cerkak yaiku alur lurus-maju. Nanging uga ana kang gawe alur-balik kanggo nyingitake saweneh perkara kang diancas bisa gawe *suspence*, ‘kejutan’ tumrap para maos. Cerkak PAMIT, ing kene uga nggunakake modhel alur-balik mau.

Kirane mung mangkono mau kang bisa diaturake nalikane kudu njingglengi cerkak cacah papat kang kamot ing majalah Pagagan iki. Kayadene wong kang arep memangan, para maos becik aja duwe panyana menawa suguhan-menu kang padha. Cerkak cacah

papa tiki kayadene suguhan kang beda, ana soto, gudheg, sate, lan gadho-gadho, kang mesthi wae anggone ngresepi lan ngrahapi kanthi cara kang ora padha. Menawa para maos pinter nyepakake cara anggone ngrahapi mesthi wae kabeh krasa sekeca, suwalike para maos ora bakal bisa ngrahapi soto yen tanpa menganggo sendhok. Ing jaman saiki nalikane sastra Jawa tansaya ngrembaka lan bawera tebane, para maos uga becik wiwit ajar ngrahapi perkara-perkara anyar kang kasegahake dening para pangripta sastra Jawa, pindhane kudu ngerti carane ngrahapi steak utawa burger. Jalaran apik lan orane karya sastra Jawa ora mung gumantung marang para pangripta-pengarange, nanging uga marang kang maos.

Rahayu kang tansah pinanggih. Matur nuwun.

**Krishna Miharja.** Novelis, Cerkais, lan pengurit.

Mapan ing Pirakbulus, Goden, Sleman, DIY.

# Tepa Selira

RATUN UNTORO

**S**akwuse mulih sekolah, aku lan kanca-kanca biasane banjur angon wedhus ing lapangan utawa ing sawah. Jaman cilikanku, udakara tahun 1980-an. Wedhus diumbar supaya bebas golek suket. Kadhangkala, ing kono uga ana wong angon kebo. Aku lan kanca-kancaku seneng numpak kebo. Kebone akeh. Dadi, bocah siji isa numpak kebo siji. Gayeng, gendhiyat-gendhiyat ing gegere kebo. Nut lakuning kebo. Kebone ndhungkluk mangan damen, sing numpak ya melu ndhungkluk. Rasane kaya arep kejlungup. Malah wis tau, kebone arak-arakan nglumpati kalen. Ndilalah kebo sing tak tumpaki keri dhewe anggone mlupat rada kangelan. Dadine, aku tiba nungsep neng kalen. Boyokku lara. Kanca-kanca sing numpak kebo ana ing ngarep padha noleh. Kabeh padha mudhun saka kebo marani aku. Wiwit dina kuwi, aku wis ora wani numpak kebo maneh. Kanca-kancaku ya ora numpak kebo maneh amarga aku ora wani. Hehehhee... setia kawan tenan.

Ing liya dina, sawijining wengi, aku lan kanca-kancaku golek iwak neng kali. Entuk okeh, ana udakara rong ember. Sakwise entuk okeh, aku sakanca bali mulih nglowiati sawah sing ndilalah ana blumbange. Lagi wae alon-alon mlaku nut dawaning galengan, ana wong tuwa bengok saka kadohan, "hayoo... dha nyolong iwak ya! Ayo balekke..." Aku sakanca kaget lan wedi dikira nyolong iwak. Kancaku sing ngarep dhewe banjur mlayu sipat kuping. Aku sing boyoke

lara ora isa mlayu banter banjur dicekel dening wong tuwa mau. Saking wedine, iwak sakember tak suntak ing blumbang. "Nah, ngono. Aja sok nyolong iwak," kandhane wong tuwa mau. Kancaku sing mau mlayu adoh katon bali marani aku. Bareng wis cedhak, dheweke uga banjur nyuntak ember isi iwak neng blumbang. "Bocah bagus, wis kana ndang mulih mengko tak lapurke pulisi nek ora ndang mulih," ujare wong tuwa kuwi bareng iwak rong ember wis disuntak neng blumbang. Aku lan kancaku banjur klunthuh-klunthuh bali mulih tanpa gawa iwak.

Manungsa mono duwe sipat sosial utawa kudu urip bebarengan. Manungsa ora bakal bisa urip dhewe. Pancen ana sing isa urip ora awor manungsa, jenenge the feral man utawa wong liar. Dianggep wong liar amarga ora srawung karo bangsane manungsa. Nanging, sipat dhasar manungsa sing ora bisa urip dhewe kuwi ya tetep dibutuhke wong liar. Bisa uga, dheweke urip bareng kewan. Kaya bocah ing crita India sing jenenge Kamala. Dheweke ditemokke dening pendhita India ing guwa. Solah bawane kaya kewan amarga wiwit bayi diopeni kewan. Kamala uga srawung, nanging ora karo manungsa. Wose, manungsa tetep kudu ngrakit sesrawungan. Nah, kepiye carane supaya sesrawungan mau tetep lestari? Salah sijine kudu setia kawan. Tegese, ora ngijeni. Kancane seneng ya melu seneng, kancane lara ya melu ngrasakake

lara. Kaya critaku dhek jaman cilik ing dhuwur.

Setia kawan bisa langgeng manawa adhedhasar nilai utawa value. Nilai-nilai kuwi ngemot subasita utawa babagan pantes lan ora pantes ing urip bebrayan. Ora mung saderma bener, nanging uga kudu pener. Pantes, bener, lan pener kuwi nut lakuning budayane dhewe-dhewe. Owah-owahan jaman uga duwe andhil tumrap value mau. Sing baku, kabeh anggota masyarakat kudu sarujuk lan mupakat sarta njunjung value minangka pandom panduming bebrayan.

Ing jaman modhern, pandom panduming bebrayan wis ditulis lan ditetepake dadi kukum utawa anger-anger. Sapa sing salah bisa diukum amarga ngrusak anger-anggering bebrayan. Wong sing ngrusak tatanan bebrayan kuwi mesthi mung ngegul-gulke ego-ne utawa kekarepane dhewe. Ora mikirake wong liya, ora tepe selira, ora setia kawan. Kabeh dietung lan dipikir miturut penemune dhewe, miturut bener lan penere dhewe. Dheweke ora ngecakake value hasil mupakat, nanging nganggo value pribadi.

**Ratun Untoro** lahir ing Bantul 23 Maret 1974. Nate sekolah ing UGM. S1 Iulus taun 1997, S2 Iulus taun 2008, lan S3 Iulus taun 2017. Wiwit taun 2000 dines wonten ing Balai Bahasa Provinsi Sulawesi Utara. Dene taun 2016 pindhah ing Balai Bahasa DIY.

# Umi Kuntari Langganan Juwara

ARDINI PANGASTUTI

**U**mi Kuntari , S.S, sing kerep diundang Bu Umi, mujudake guru sing aktif nulis ing sastra Jawa. Kiprahe ing jagad sastra Jawa wis natahake prestasi sing pantes kacathet mawa tinta emas. Penulis klairan Bantul 23 Februari 1976 iki sasate tansah dadi langganan juwara. Kabeh mau ora instan alias ujug-ujug, nanging ngliwati proses kang dawa.

Wiwit cilik wis seneng maca. Yen lumrahe bocah mono didongengi dening wong tuwane, nanging Umi Kuntari malah kuwalik. Sawise dheweke bisa maca, saben dina Jumadi, bapake sing ngasta dadi guru SD nggawakake buku-buku crita saka sekolahane. Mengko bengine, anggere bapake kuwi arep mapan sare, Umi dipeksa maca sakbuku nganti rampung. Olehe maca kudu banter. Asring kedadeyan, bapake wis katon sare angler. Umi meneng-meneng lunga saka cedhake bapake. Eh, pranyata bapake mung ethok-ethok sare lan Umi dipeksa nerusake anggone maca nganti rampung.

Pakulinan maca buku-buku crita mau kanthi ora langsung wis ngenalake Umi Kuntari marang jagat sastra, nanging wektu kuwi durung patiya ketarik marang sastra Jawa. Umi ketarik karo sastra Jawa sawise mlebu SMP. Jalaran bapake langganan majalah basa Jawa. Ora mung sakjinis. Nanging kabeh terbitan majalah basa Jawa kang ana.

Witing tresna jalaran kulina. Mbokmanawa kuwi ungapan sing paling pas. Merga kerep maca lan srawung karo basa Jawa, maca crita-crita mawa basa Jawa, suwe-suwe Umi Kuntari banjur kapilut marang sastra Jawa. Malah uga apal karo para pengarang sastra Jawa sing kerep nulis ing majalah-majalah kasebut. Ana jeneng loro sing banget diapali lan nabet jroning ati. Yaiku Ardini Pangastuti lan Margareth Widhy Pratiwi. Umi Kuntari uga kober nduwensi cita-cita dadi pengarang sastra Jawa. Sempat rada nglokro, jalaran tulisane sing dikirimake marang sawenehing makalah, kudu

ngenteni setaun lagi dimuat. Saiki wis ora ana masalah, cita-citané dadi penulis sastra Jawa bisa kasembanan.

Kabeh kaya-kaya wis diatur dening Sing Gawe Urip. Sawijining kedadeyan ora sengaja wis nglantarake Bu Guru basa Jawa ing SMKN 1 Bantul ini dadi penulis Jawa sing patut dipretungake. Taun 2009, Umi Kuntari diutus makili sekolahane melu workshop nulis cerkak kanggo guru-guru SMA/SMK sa DIY. Sawise workshop, jebul langsung dianakake lomba.

Wiwitane Umi Kuntari isih bingung. Kudu nulis apa utawa apa sing kudu ditulis. Nganti suwe mung lenger-lenger. Bareng wektune wis mepet, idhe lagi muncul lan crita uga banjur mili kanthi lancer. Umi Kuntari bisa ngrampungake crita kanggo lomba mau pas wektu kang disedhiyakake entek. Ora ngira jebul crita cekak kanthi irah-irahan Bajuri, sing ditulis tangan iku kapilih dadi juwara 1. Saka kono Umi Kuntari lagi sadhar yen duweni bakat nulis.

"Eee...jebule aku uga bisa nulis cerkak," pratelane sumringah.

Mangkono uga nalika nulis novel. Umi nyoba melu lomba kang dianakake dening Universitas Negeri Yogyakarta, tembayatan karo wong Walanda ora ngira yen novele sing diwenehi irah-irahan Sumilaking Mendhung mau kepilih minangka novel paling apik. Saka kono Umi Kuntari saya percaya dhiri marang bakate nulis karya sastra.

Babagan nulis karya sastra iki , satemene uga ora ujug-ujug ngono wae. Wiwit isih kuliah ing UGM, ing Fakultas sastra jurusan Sastra Nusantara utawa Sastra Daerah, Umi Kuntari wis aktip ing panalitnan-panaliten lan njarwakake naskah-naskah kuna, ing antarane naskah-naskah kraton Ngayogyakarta-Surakarta, naskah-naskah Pakualaman, babad Mangir, serat Kandhaning Ringgit Purwa lan saperangan serat Centhini.

Nalika Kundha Kabudayan DIY nganakake lomba nulis novel basa Jawa ing taun 2019, Umi nyoba melu. Pranyata novele kanthi irah-irahan "Melathi Megar Sore", bisa sasap mlebu 5 paling apik. Lan sateruse sasate saben ana even lomba basa Jawa sing dieloni, Umi Kuntari tansah oleh juara, ora ketang juara harapan. Ing antarane, Juara harapan 2 Sengkalan Memet Kundha Kabudayaan DIY taun 2020, juara 1 Sengkalan Memet Kundha Kabudayaan DIY 2021, mlebu 5 paling apik lomba Cipta naskah aksara Jawa Kundha Kabudayaan DIY. Lan isih akeh maneh prestasi liyane.

Ibu Guru sing duwe sesanti urip, mlaku samadya ora ngaya. Ora perlu umuk, barang mbrenjul mesthi katon iki, kandha ora tau kangelan mbagi wektu, nanging cukup susah kanggo mbagi ati. Luwih-luwih wektu iki, kanggone cukup abot saupama kudu ngorbanake kebersamaan karo keluwarga merga ana momongan cilik sing butuh kawigaten.. Mula kanggo sauntara Umi Kuntari trima leren dhisik anggone nulis ing majalah. Nanging yen nulis novel isih tetep terus senajan ora kanggo lomba. Alasane, yen novel rak ora ditarget wektu kapan dadine.

Minangka penulis, asring dituntut kudu ngerti akeh bab. Salah siji kanggo nyiasati kudu sregep maca. Ing bab iki Umi Kuntari pancen ora duwe target, jroning seminggu kudu maca pirang buku merga pakaryane minangka guru cukup ngentekake wektu. Nanging sing cetha, ing meja kerjane tansah kebak tumpukan buku, sawayah-wayah butuh apa , pengin ngerti apa, kari mbukak. Lan sing luwih wigati kanggone Umi Kuntari, yaiku maca kahanan sakiwa tengen. Maca alam, maca kedadeyan, kabeh sing dumadi sadina-dina, solah bawane kanca-kanca, polah tingkahe wong-wong sing padha numpak kendharaan nalika budhal lan mulih kerja, bisa dadi buku urip sing akeh nyimpen ilmu lan hikmah. Mesthi wae kabeh kuwi diwaca lan diresepi jroning ati. Manawa kepengin dicritakake, bisa ditulis kanthi basa lan tembung sing apik, ora kanggo ngrasani.

Minangka guru basa Jawa, Umi Kuntari kepengin murid-muride

uga nresnani basa, sastra lan budaya Jawa. Kanthi ngeloni lomba, bisa dadi juara lan terus makarya nulis sastra lan budaya Jawa, Umi Kuntari nduweni pengarep-arep, para siswane bisa nuladha kiprahe lan luwih ngajeni marang sastra lan budayane. Luwih adoh, Umi uga ngajab para siswane bisa luwih tinarbuka wawasan, manawa sastra Jawa kuwi ora kuna lan ngjisngisini. Kosok baline, sastra Jawa tansah bisa nyalarake karo jamane.

Wektu iki ana sing dadi angeng-angene Umi Kuntari, priye carane murih generasi mudha ketarik marang budaya lan sastra Jawa. Perpustakan mbokmanawa bisa dadi salah siji solusi. Bu Guru sing kerep dadi langganan juara kuwi, kepengin duwe perpustakaan sing bisa narik kawigaten generasi mudha teka ing kono kanggo sinau, maca lan nulis. Ing pamrih supaya generasi mudha minangka harapan masa depan negara iki, ora mung seneng ubyang-ubyang, begadhang sing ora ana tanjane. Umi durung nemokake konsep sing pas. Sejene kuwi babagan wragat uga isih dadi pamikiran. (Ardini Pangastuti)



# Ngeyeng-Eyeng

IMAM BUDI UTOMO

Tanggal 20 Desember katetepaken minangka Hari Kesetiakawan Sosial Nasional (HKSN). Saderengipun katelah HKSN, sinebat Hari Sosial (1958) lajeng dipunewahi dados Hari Kebaktian Sosial (1976). Mula buka wontenipun Hari Sosial kagem nuwuhaken daya sosial awit kawontenan masyarakat Indonesia ingkang nembe sekeng. Masyarakat taksih ringkikh ekonominiipun amargi nembe kemawon perang ngadhepi agresi militer Belanda II (1948). Kementerian Sosial rikala semanten gage cancut taliwanda nggugah semangat sosial. Masyarakat supados gumregah gotong royong paring biyantu dhumateng ingkang nembe nandhang kacintrakan.

Semangat sosial kalawau kedah dipunlestantunaken ing salebeteng gesang bebrayan. Paring pambiyantu dhumateng tiyang sanes mboten namung mligi awujud bandha donya. Ing jaman samangke, tiyang sekeng utawi ringkikh utawi apes menika wujudipun saged werni-werni. Wonten tiyang sugih, nanging

sekeng kanca. Lengkah wonten ing gedhong magrong-magrong, nangung namung kelap-kelip piyambakan amargi putra wayahipun mboten wonten ingkang purun ngancani. Sinaosa kadunungan bandha, manahipun sepen, nglangut. Nah, tiyang kados makaten perlu pitulungan ugi. Wonten malih tiyang ingkang nandhang gerah. Tiyang sakit punika mbetahaken bantuan kesehatan. Nalika Pageblug koronavirus nembe mubal-mubalipun, bandha donya kados mboten wonten reginipun. Nyawa manungsa namung kados kapuk ingkang gampil sanget mumbul ical lan uwat saking raga. Nggegirisi. Ngadhepi swasana tintrim ingkang kados makaten, kesetiakawan sosial sanget dipunbetahaken. Begjanipun, bangsa Indonesia sampaun kagungan naluri gotong royong wiwit jaman kina saengga saged eyeng-eyeng sesarengan ngadhepi pageblug. Tiyang utawi kulawarga ingkang kedah "isolasi mandiri" dipunbiyantu dening tangga tepalih. Gentosan paring semangat lan sedaya kabetahanipun.

Semanten ugi dhumateng tiyang

ingkang sekeng ing babagan ngelmu. Perlu pambiyantu. Manungsa kedah ngupadi ngelmu wiwit saking kuncung dumuginipun gelung. Ngelmu punapa kemawon kalebet ngelmu babagan sastra Jawi. Sastra Jawi ingkang adi luhung punika kados dene sumber toya (ngelmu) ingkang mboten nate asat dipuntimba. Eman-emana manawi tiyang Jawi kok tuna babagan ngelmu sastra Jawi. Awit saking menika, kalawarti Pagagan kumawantun sowan wonten ngarsanipun para maos. Pagagan pinangka ulu bektinipun Balai Bahasa Provinsi DIY lan Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta dhumateng saksintena ingkang kersa nambah ngelmu sastra Jawi. Mboten kathah, nanging namung samadaya tumut ngeyeng-eyeng kawruh.

# Truntum Batik Kang Manjiwa Siti Aminah

HAYU AVANG

**L**ungguh ana ing mezzanine ngomah, dina iki aku seneng banget, bisa pikantuk sawijining novel kang miturutku apik. Novel iki ora sembarang novel, nanging novel juwara lomba penulisan novel berbahasa Jawa kang diadani Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) Daerah Istimewa Yogyakarta. Kanton saka samak ngarep ana logo dhinase.

Judhule 'Truntum' kaya jeneng sawijining motif bathik kang ana ing Ngayogyakarta terang terwaca katulis ing samak ngarep. Karipta dening Siti Aminah. Novel iki disampul putih *hard cover* resik kanthi ilustrasi ibu-ibu kang njereng kain, prasaja kebak pangentha-entha, mungkin iki kang sinebut basa semiotik ilustrasi kang kudu bisa nggambaraké sakabehing isi crita ing njerón novel Truntum kanthi sawijining gambar. Banjur, anggone samak *hard cover* ndadekake rasa eksklusif istimewa novel iki.

Novel iku enggal-enggal dakbukak. Tantinaning novel iki entheng, senajan kanton kandel, mungkin luwih saka 200an kaca. Bener,

novel Truntum kaimpun malah luwih saka 200 kaca, yaiku 305 kaca. Kertas kang dipigunakake yaiku jenis artpaper, cocok, kertas iki kepenak kanggo maca, ora marai kesel blereng kaya nalika maca novel-novel kang migunakake kertas jenis HVS putih. Kertas artpaper utawa kertas baca warnane kecoklatan adhem nalika diwaca, kepenak, bisa betah sauwen-uwen tur ora blereng.

Sadurunge maca novel nganti katam, aku pancer seneng ngililing, maca sakiwa tengening novel, *build quility* basa gaule. Jaitane ya kenceng, ana pita kanggo paring tanda minangka kudu sigeg ing satengahing maca. Kawaca novel Truntum ukuran 14x21 cm, bisa dibayangke kira-kira satengahing kertas A4, cekelane pas, ora kegedhen apa keciliken.

Katulis Prof. Dr. Suminto A Sayuti, Dhanu Priyo Prabowo, Purwadadi, Krishna Mihardja, Padmono Anggoro minangka kurator novel iki. Mungkin iki istilah kang dadi juri ing lomba novel. Tambah mongkok lan kepengin enggal-enggal maca isining novel Truntum, dene jebul sing paring

pambiji saka tiyang-tiyang luhur ahli sastra ing Ngayogyakarta, mesthine ora baen-baen anggone paring biji kang ndadekake novel Truntum iki sasab.

Lembar-mbaka lembar, kaca mbaka sakaca, saka bab lumebu ing bab sabanjure alon-alon dawkaca. Kawiwan saka pacelathon bapak anak Murtaji lan Layung.

Anggona migunakake basa kraos tumata. Novel iki bisa uga kanggo sinau lan nambah kas kaya babagan basa lan sastra Jawa. Istilah-istilah bab batik uga kababar ing kene. Sabanjure, papan-papan kang dianggo Siti Aminah minangka pangriptaning novel iki uga papan-papan kang nyata ana. Desa Pajimatan ing Imogiri papan kanggo produksi bathik, Desa Krandohan, makam-makam Raja-Raja Mataram Imogiri, lan sapanunggalane bisa ditemoni.

Novel Truntum uga bisa dadi rujukan pamaos pitepangan karo sejarah bathik, asal usul truntum kang ditulis kanthi cara sastra prosa. Tamtu saka maos rancaking isi lan papan kang digunakake

kanggo mangun novel Truntum, mesthine Siti Aminah migunakake riset sadurunge ngripta novel iki. Dudu novel ngayawara kang amung sung panglipur para maos, nanging ana bab sejarah, sosial pranatan Jawa kang kepengin disuguhke Siti Aminah kanggo pandhemén sastra. Kaya ngapa wong Jawa ngrampungi masalah, kepiye wong Jawa anggone milih jodho, cara wong Jawa nyawang nglakoni sangkan paraning dumandi.

Novel iki uga paring panyengkuyung kuwating jadi diri bangsa dene bathik minangka produk kultural masarakat Jawa kang manjila. Uga, tambah kencenging bathik Indonesia kang wus diakoni dening UNESCO minangka *intangible cultural heritage* nalika tanggal 2 Oktober 2009. Sabanjure saben tanggal 2 Oktober ing Indonesia dipengeti minangka hari bathik.

Ora krasa anggonku jenak maca novel Truntum wis meh tumuju kaca 305 kang mertandhani novel iki bakal rampung. Dumakadan, aku pikantuk whatsapp saka mbak Siti Aminah ngabari menawa novel Truntum cetakan kaping pindho versi cetak mandiri saka mbak Siti Aminah wis kacithak lan katerbitake. Jarene ing novel kaping pindho iki okeh bab-bab kang dimunculake sing dipotong ing versi siji. Wah, tambah penasaran kepengin enggal maca.



# Dening: Tio Cahya Sadewa

## Kinanthy Lipur Swara

## Laras. Pelog; Pathēt. Barang

Sĕkar kinanthi kang katur  
 Kawarnaas wulang adi  
 Yeku bab kawruh mĕmitran  
 Prayogi dipunpersudi  
 Amrih tĕbih sing cĕcongkrah  
 Mangun mĕmitran sajati

ଲିଙ୍ଗାନ୍ତିକ୍ରିତକାଳୀ  
 ଅନ୍ତିମପଦ୍ଧତିକାଳୀ  
 ଯଶାର୍ଥାକ୍ରମିତିକାଳୀ  
 ଅଗସ୍ତ୍ୟମିତିକାଳୀ  
 ଶତ୍ରୁଷିତିକାଳୀ  
 ଆର୍ଦ୍ରିତିକାଳୀ

Bĕcik binudi satuhu  
 Kawruhing kakancan iki  
 Anĕnggih ingkang sepisan  
 Tulus eklas sangking galih  
 Tan wonten sĕdyā piala  
 Nĕngĕnakĕn raos asih

ଅନ୍ତିମିତିକାଳୀ  
 ଅମ୍ବାଜିତିକାଳୀ  
 ଶତ୍ରୁଷିତିକାଳୀ  
 ଶ୍ରୀମତୀକାଳୀ  
 ଶତ୍ରୁଷିତିକାଳୀ  
 କିମ୍ବିକାଳୀ

Ping kalihe kudu jujur  
 Tutur bisa denugëmi  
 Amrih bisa pinitaya  
 Jaba jero kĕdah sami  
 Lung-tinulung kang ping tiga  
 Lair batin tanpa pamrih

ଚିତ୍ତକାଳୀ  
 ଶ୍ରୀମତୀକାଳୀ  
 ଶତ୍ରୁଷିତିକାଳୀ  
 ଶ୍ରୀମତୀକାଳୀ  
 ଶ୍ରୀମତୀକାଳୀ  
 ଶତ୍ରୁଷିତିକାଳୀ

Kapat tansah sayuk rukun  
 Nyengkuyung saliring kardi  
 Tan bungah yen mitra susah  
 Nora meri mring pĕparing  
 Padha denbisa nglampahi  
 Dadi mitra kang sajati

ଅନ୍ତିମାଳା  
 ଅନ୍ତିମାଳା  
 ଅନ୍ତିମାଳା  
 ଅନ୍ତିମାଳା  
 ଅନ୍ତିମାଳା  
 ଅନ୍ତିମାଳା


Ngayogyakarta, Rĕbo Wage 17 Bakda Mulud 1955  
 24 Nopember 2021

ଅନ୍ତିମାଳା  
 ଅନ୍ତିମାଳା  
 ଅନ୍ତିମାଳା



## Geguritan

- Judhul buku : Gurit Pitu Enem  
 Penulis : JFX Hoery  
 Penerbit : Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro  
 Taun terbit : 2021  
 Jinis buku : Geguritan



## Novel Jawa

- Judhul buku : Kidung Sukma Larasing Jiwa  
 Penulis : Ardini Pangastuti Bn  
 Penerbit : Interlude  
 Taun terbit : 2021  
 Jinis buku : Novel



## Lakon Kethoprak

- Judhul buku : Sang Senapati  
 Penulis : Eko Purwanto  
 Penerbit : Penebar Media Pustaka  
 Taun terbit : 2021  
 Jinis buku : Lakon Kethoprak



## Novel Jawa

- Penulis : Puranti Wiji Rahayu  
 Penerbit : Dhinas Kebudayaan  
              (Kundha Kabudayan) DIY  
 Taun terbit : 2020  
 Jinis buku : Novel